



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GEN 11 MILYON DOLA KI DISPONIB ATRAVÈ DEFI REZO ALAVNI AN POU IDANTIFYE SOLISIYON POU DEFI TEKNIK YO NAN KA ENTEGRASYON ENÈJI RENOVLAB LA

Plis pase 5 milyon dola akòde pou pwojè twazyèm faz yo

Modènize rezo elektrik la sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou atenn 70 pousan elektrisite renouvlab dis 2030

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a disponiblite 11 milyon dola nan finansman atravè katyèm faz Future Grid Challenge (Defi Rezo Aavni) lan pou pwojè ki idantifye solisyon pou defi teknik ki genyen nan entegre yon melanj resous enèjetik k ap chanje nan rezo elektrik la. Anons jodi a te gen ladan tou plis pase 5 milyon dola nan prim pwojè yo nan kad twazyèm faz defi a. Modènize rezo elektrik la amelyore fyabiite ak rezizstans an repons ak yon klima k ap chanje, optimize transmisyon kouran, epi sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) k ap mennen nan New York la pou reyalize 70 pousan elektrisite renouvlab dis 2030.

"Ak ogmante kantite evènman metewolojik ekstrèm yo nan New York ak atravè peyi a, n ap travay di pou modènize rezo elektrik nou an epi sipòte devlopman teknoloji ki pral amelyore fyabilite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou fè rezo nou an pi entelijan, pi rezistan ak pi pwòp ak itilizasyon enèji renouvlab, nou ka asire fyabilite sistèm enèji nou an, redwi emisyon, epi kreye yon avni ki pi dirab pou Nouyòkè yo."

Administre pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), atravè Faz Kat la, y ap chèche pwopozisyon yo nan men founisè endividyèl oswa ekip ki gen ladan chèchè, machann pwodwi, manadjè resous ak konsiltan yo pou devlope oswa demontre teknoloji avanse ki pral sipòte yon sistèm transmisyon ak distribisyon enèji modèn ki fyab. Pwojè yo dwe avanse tou redwiksyon depans enèji yo ak pi gwo kantite entegrasyon enèji renouvlab yo, pandan y ap ede Eta a reyalize objektif klima anbisyè li yo.

Gen jiska 3 milyon dola pou chak pwojè ki disponib pou adrese teknoloji rezo ki gen gwo priyorite ki gen ladan:

- Itilizasyon transmisyon amelyore
- Sansibilizasyon Sitiyasyonèl operasyonèl
- Sistèm Jesyon Distribisyon Enèji (Distribution Energy Management Systems, DERMS)
- Entegrasyon resous ki baze sou invètè
- Elektwonik puisans
- Modèl rezo
- Analiz done
- Entèlijans atifisyèl/aprantisaj otomatik
- Sistèm pwoteksyon

Dat limit pou yosoumèt pwopozisyon an se 3:00 p.m. 26 oktòb 2023. Pou plis detay ak dokiman ki asosye yo, vizite [sitwèb](#) NYSERDA.

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Yon rezo modènize jere dinamikman lè yo sèvi avèk done an dirèk nan tout bagay, soti nan metewo ak bezwen itilizatè elektrisite yo k ap chanje rive nan kapasite rezo a pou aksepte ak distribiye enèji ki soti nan sous renouvlab yo tankou van ak solè. Teknoloji ke y ap sipòte atravè Future Grid Challenge lan ap avanse modènizasyon rezo a pandan y ap ede bay tout Nouyòkè yo sous enèji ki pi pwòp yo."

Prezidan ak PDG Komisyon Sèvis Piblik la, Rory M. Christian, te deklare, "Mwen aplodi angajman Gouvènè Hochul pou devlope yon chemen solid pou modènize rezo a nan yon fason ki pral pèmèt li satisfè bezwen konsomatè rezidansyèl yo ak biznis yo k ap chanje tout tan epi amelyore itilizasyon resous enèji pwòp ak renouvlab yo."

Pwojè yo akòde nan kad [Twazyèm Faz](#) yo gen ladan:

- **University Clarkson University** – 399,000 dola; Pou evalye risk estabilite ak fyabilite ki asosye ak yon rezo antrelase ak kouran kontini ki gen gwo vòltaj enèji ewolyèn olaj zòt kòt.
- **Enstiti Rechèch sou Kouran Elektrik la (Electric Power Research Institute, EPRI)**
- 397,000 dola: Pou mennen ankèt sou sitiyasyon inik nan sistèm kouran tèrès akòz ogmantasyon penetrasyon enèji ewolyèn olaj zòt kòt.
- 2.3 milyon dola: Pou devlope yon lojisyèl jesyon kontwòl pou solè, estokaj batri ak lòt resous enèji distribye (distributed energy resources, DERs) ka menmfouni plis benefis nan rezo a.
- 400,000 dola: Pou etidye ki jan deplwaman depo enèji ka adrese pwoblèm estabilite rezo a pou rezo transmisyon ak rezo sou-transmisyon yo.
- **New York University** - 187,000 dola: Pou etidye yon metodoloji pou detekte gwo defo transfòmasyon puisans yo san yo pa deranje sèvis antretyen yo.
- **Quanta Technology** - 400,000 dola: Pou etidye ki jan yo ka itilize aparèy elektwonik puisans entèlijan yo ki sitiye nan gwo izin pwodiksyon renouvlab pou amelyore vizibilite ak sansibilizasyon sitiyasyonèl operatè rezo a.

- **Switched Source** - 1 milyon dola: Pou demontre kapasite yon aparèy elektwonik puisas pou amelyore efikasite, ogmante kapasite pou ebèje enèji renouvlab ak amelyore fyabilit rezo elektrik la.

Future Grid Challenge lan ofri finansman pou konpayi teknoloji rezo yo ak enstitisyon rechèch ki adrese defi ki soti nan bezwen pou plis done sistèm an tan reyèl pou enkòpore teknoloji entelijan ak depo enèji an planifikasyon ak operasyon rezo elektrik. Objektif pwogram nan se ankouraje teknoloji inovan pou amelyore rezistans, pèmèt ak avanse enfrastruktir enèji pou pèfòmans ki nesèsè pou reyalize objektif Lwa Klima yo epi asire fyabilite nan sistèm transmisyon ak distribisyon an, diminye pri, epi pèmèt entegrasyon enèji renouvlab yo fèt pi rapid.

Defi yo te devlope an patenarya ak manm Joint Utilities New of York ki se Con Edison, Central Hudson Gas & Electric, National Grid, New York State Electric and Gas, Rochester Gas & Electric, ak Orange & Rockland ak Advanced Technology Working Group (Gwoup Travay pou Teknoloji Avanse) pou akomode sous enèji renouvlab yo epi konprann enpak yo sou sistèm transmisyon ak distribisyon yo. Ansanm, sèvis piblik sa yo bay plis pase 13 milyon kay, biznis ak etablisman gouvènman an sèvis elektrik atravè Eta a.

Anons jodi a bati sou Pwogram Modènizasyon Rezo NYSERDA a ki reyisi a, ki pral bay yon total 133 milyon dola jiska 2026 pou avanse rechèch, devlope ak bay finansman pou solisyon inovan ki sipòte avansman yon rezo elektrik entelijan, modènize, retire obstak yo, epi pèmèt investisman sèvis piblik ki nesèsè pou deplwaman konplè a gran echèl teknoloji avanse pou rezo elektrik la. Depi 2016, Pwogram Modènizasyon Rezo NYSERDA a te bay apeprè 65 milyon dola nan kad 111 kontra bay konpayi teknoloji rezo a ak òganizasyon rechèch pou pwojè ki gen ladan detèktè rezo ki pa koute chè epi ki gen gwo presizyon, zouti modèl ak similasyon, ak solisyon enjeniri avanse pou optimizasyon, fyabilite, ak rezistans ki pi efikas ak entegrasyon resous enèji renouvlab yo. Aprann plis sou [sitwèb NYSERDA](#) a.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sitwèb](#) NYSERDA.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwent pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou

devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)